

# Enskripsyon sou Entènèt: **Nouvo Elèv yo nan Pike**

1. Yon fwa ou fin jwenn idantite Skyward ak modpas ou, konekte ak [Skyward Family Access](#).



2. Y ap dirije w sou Enskripsyon Nouvo Elèv: Fòm Aplikasyon an

3. Gen sis etap ki dwe ranpli pou w konplete avèk siksè aplikasyon nouvo elèv ou a.

**Etap 1: Enfòmasyon sou Elèv la** – Antre tout non legal elèv la, dat nesans, enfòmasyon demografik debaz, nivo klas ak lekòl elèv ou a dwe enskri.

**Etap 2: Enfòmasyon sou Fanmi/Gadyen** – Antre enfòmasyon prensipal fanmi ak gadyen legal.

**Etap 3: Enfòmasyon Medikal/Dan** – Antre enfòmasyon doktè a.

**Etap 4: Enfòmasyon pou Kontak Ijans** – Yo otomatikman konsidere gadyen prensipal yo kòm premye kontak ijans prensipal yo. Si ou gen lòt kontak ijans ou ka antre jiska sis kontak adisyonèl.

**Etap 5: Dokiman yo mande yo** – Eskane epi telechaje yon kopi batistè elèv ou a, idantite foto gadyen an, ak prèv rezidans (papyè ki ka prouve kote ou abite a).

- Si ou pa kapab eskane ak telechaje dokiman yo, ou dwe pote dokiman yo nan lekòl la anvan aplikasyon an ap trete. **Klike sou Ranpli Etap 5 epi ale nan Etap 6:Lòt Fòm Adisyonèl Distri yo** .

**Etap 6: Fòm Adisyonèl Distri** – Ranpli fòm enskripsyon adisyonèl tankou enfòmasyon ijans pou ranvwa bonè, pèmisyon medikal, enfòmasyon sou fanmi, sèvis militè, kòd konduit elèv, sondaj lang lakay, elatriye.

✔ Date Completed: 02/21/2023

**Asire w ke gen yon chèk vèt ak dat la akote chak etap epi klike sou**

**Submit Application to the District**

**Nòt: Asire w ke w "SAVE" chak paj anvan w avanse nan pwochen paj la. Si w pa sove ou p ap kapab soumèt aplikasyon an.**

4. Paj Rezime Aplikasyon pou Enskripsyon Nouvo Elèv la ap montre w tout aplikasyon pou enskripsyon w yo. Ou ka enskri lòt elèv lè w klike sou Enskri lòt elèv yo.

W ap resevwa yon imèl ki gen plis enstriksyon yon fwa ke rejistè lekòl la revize aplikasyon w lan.